ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№155 (23.813) ● 2018 гъэм дыгъэгъаэм (декабрым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зэпеуэм щытекIуахэр

● Къэрал Iуэху

«ЛъагапIэщIэ» зэпеуэр зэриухам теухуа гуфIэгъуэ зэхьихьэр Налшык дзт Музыкэ театрым дыгъэгъаэзм и 22-м щекIуэкIащ. КъекIуэлахэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек.



- НОБЭ зи кIэ диплъэ «ЛъагапIэщIэ» зэпеуэр махуэ 52-кIэ екIуэкIащ. Зэхьэзэхуэм и къалэн нэхъыщхьэу щытар Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнум псэ кьабзэкIэ хуэлэжьафын цIыху зэчиифIэхэр наIуэ къэщIынырц. КьыхэгъэщIапхъэщ, УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, мы зэпеуэр къэралым и адрей щIыналъэхэми зэрыщызэхащэр, и къызэгъэпэщыкIэр мащIэу щызэщыкъэщыкIми. Конкурсыр кьыхалъхьащ Урысейм и щIалэгъуалэм щалъхуа я Хэкур къызэрыхуэныкъэр зыхрагъэщIэн, я фIэщ ящIын папщIэ. Зэхьэзэхуэм хэтахэм сохъэхуэ, я щIэныгъэм хагъэхъуэ, я къэхуным зрагъэужьрэ зыхуагъэувыж мурадхэр зрагъэхьулIэу гъащIэм лъабакъэущIэхэр щачыну!

Зэпеуэм и иужьрей махуэхэм я къызэгъэпэщыкIэм егугъуу кIэлъыплъахэм ящыщщ «Урысейр зэфIэкI инхэм я къэралщ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Комиссаров Алексей. Ар утыкум къыщихьам хуаIэта Iэгуаеэрэ къызыхэкIар арауэ къэтлъытащ.

- Мыбдежьми щызэрихьалIэжащ зэхьэзэхуэм и Iыхьэ псоми пэлъэщахэр. Фи екъулIэныгъэм ди фIэщещI дяпэкIи фи пщэ кьыдалъхьэнухэм фызэрыплъэщынури республикэм и къэкIуэнум фызэрыхуэлэжьафынури. Мыри дыщIыгъупхъэщ. Iэнатlэм и пашэ цIыхур сытым и дежи и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным ящыщ. Абы щыгъуэщ ар зэманым кьыхуигъэув кьалэнхэм щыплъэщынури, республикэм, зэрыщыту кьатщтэмэ, Урысей Федерацэм апхуэдэм и сэбэп щекIынури, - жиIащ абы.

Апхуэдэуи, Комиссаров Алексей кьыхигъэщащ «ЛъагапIэщIэ» зэпеуэр ди щIыналъэм екIуу зэрыщрагъэкIуэкIар.

- Ар, псом япэрауэ, и фIыщIэщ республикэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек. Абы, и дзэпкьыхуэгъуэхэр и гъусэу, зэман кIэщIым кьриубыдэу хуэзфIэкIащ ди къэралым кьыщрахьэжьа Iуэхугъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щешэжьэныр. Мыдрейуэ. Проектым хьыхьэу, Цыхубэ хозяйствэмкIэ урысей академиемрэ УФ-м и Президентым деж хэзрал къулыкъумкIэ щыIэ Iуэхущ Iапи Iэмрэ, сызыпашэ зэгуфIэныгъэр я гуэгъуу, дызыхуэкIуэ 2019 гъэм Iуэхугъуитl къызэдгъэпэщынущ. Ялэ лъэбакъуэу щытынущ Мэкъуу мэлыжьыхьым щызэхэтшэну мы зэпеуэм щытекIуахэм егъэджэныгъэ программэ хэхакIэ дащыдлэжьэну зэхьхьэр. Абдежым дэ щедгъэкIуэкIыну дерс щхьэхуэхэм зыпэрыт Iэнатlэм щыпашэхэр щыхуедгъэсэнущ я Iэзагъэм хагъэхъуэным, цIыхухэм ядэлэжьэныкIэ Iэмалыщ Iэхэм, нэгъуэщIхэми. ЕтIуанэ лъэбакъуэу щытынущ фи республикэм и къалащхьэ Налшык мэкъуаугъуэм къыщыздгъэпэщыну зэхьхьэр. Абы щыгъуэ дэ дыхэплъэнущ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зыужьыкIэм теухуа Iуэхугъуэхэм. Дерсхэм щIэдгъэдэIуну псомиз къапэщылъщ проект щхьэхуэ зэхилъхьэу, абы щыгъуаэз дыхуищIынкIыр. Ар щытынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIи сэбэп зыпылъ Iуэхуу.

«ЛъагапIэщIэ» зэпеуэм щытекIуахэр зырызыхэу утыку кьрашэри, дипломхэмрэ текIуэныгъэм и нагъыщэу ягъэхьэзыра тыгъэ гъэщIэрэщIахэмрэ ираташ.

Адэкlэ кьыдохь пашэ хъуахэм я цIэ-унэцIэхэмрэ зыщыщыгъэмрэ:

1. Абаз Линарэ Хьэсэнбий и пхъур, КъБР
2. Абаз Бэллэ Хьэмыщэ и пхъур, КъБР
3. Апекъуэ Алимбэч Дмитрий и къуэр, КъБР
4. Атэбий Аслъэн Алексей и къуэр, КъБР
5. Бищlо БетIал Мурат и къуэр, Москва
6. Бэгъуэт Мухьэмэд Хьызыр и къуэр, КъБР
7. Брат Мадинэ Назир и пхъур, Астрахъан область
8. ВакъащIэ Аскэр Владимир и къуэр, КъБР
9. Гуо Анзор Андрей и къуэр, КъБР
10. Долженко Николай Ратмир и къуэр, КъБР
11. Езауэ Анзор Кьылышбий и къуэр, КъБР
12. Жэмыхъуэ Мадинэ Алим и пхъур, Москва
13. Жьлэ Темирлан Мухьэмэд и къуэр, КъБР
14. Жьлокьуэ Азэмэт Хьэсэнбий и къуэр, Москва
15. Зезаев Рэмэзан Мурадин и къуэр, КъБР
16. КьэгъэзэжИслъам Заур и къуэр, КъБР
17. Калабеков Алим Мэсхьут и къуэр, КъБР
18. Кьамбий Арсен Мухьэмэд и къуэр, КъБР
19. Кьанщыкъуей Заур Виталий и къуэр, Москва
20. КьардэнИслъам Аскэрбий и къуэр, КъБР
21. Кьардэн Аслъэн Руслан и къуэр, КъБР
22. Кьардэн Лаурэ Замир и пхъур, КъБР
23. Кьардэн Мадинэ Валерий и пхъур, КъБР
24. Чэртбий Мадинэ Юрий и пхъур, КъБР
25. Котченко Роман Андрей и къуэр, Москва область, Балашихэ
26. Кьуэщыщсокъуэ Зарэ Арсен и пхъур, КъБР
27. Ксанаевэ Марьянэ Батыр и пхъур, КъБР
28. Кьумыкъу Аслъэнджэрий Хьэлий и къуэр, КъБР
29. Кьумыкъу Андемыр Ерустан и къуэр, КъБР
30. Кьуущхьэ Инал Роберт и къуэр, КъБР
31. Локьяев Алан Рашит и къуэр, КъБР
32. Мэкъуауэ Талий Ахьмэд и къуэр, Москва
33. Мамсыр Алим Хьэмидбий и къуэр, КъБР
34. Мэрщэн Мадинэ Мэчрэпил и пхъур, КъБР
35. Мурзахановэ Надеждэ Юрий и пхъур, КъБР
36. НэщIэпыджэ Рустамбэч Заурбий и къуэр, КъБР
37. Понэж Мухьэмэд Борис и къуэр, КъБР
38. ПщыхьэщIэ Хьэсэн Шафихь и къуэр, Москва область, Долгопрудный
39. Тау Анзор Руслан и къуэр, Москва
40. Тlымыжь Хьусен Хьэмыщэ и къуэр, КъБР
41. Плыхъурей Бесльэн Хьэзрэ1ил и къуэр, КъБР
42. Тlыгу АстанИслъам и къуэр, Москва
43. Узденов Амырбий Алибэч и къуэр, КъБР
44. УнащIэ Аслъэн Алик и къуэр, Москва
45. Урыс Алим Iэлрэдин и къуэр, КъБР
46. Iут Анзор Мухьэмэд и къуэр, КъБР
47. Хучинаевэ Индирэ Аслъэн и пхъур, КъБР
48. Шэшэн Вячеслав Мухьэмэд и къуэр, КъБР
49. Щоджэн Аслъэн Iуэес и къуэр, Москва
50. Езэдчэ Залым Заур и къуэр, КъБР

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

КIуэкIуэ Казбек Наркотикхэм япэщIэтыныкIэ къэрал комитетым иригъэкIуэкIа зэлущIэм хэтащ

Связым и видеоконференц Iэмалыр кьигъэсэбэпри, Наркотикхэм япэщIэтыныкIэ къэрал комитетым и зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек.

УФ-м КЪЭРАЛ кIуэцI щIэм хэгъэзэгъэжьынымкIэ Iуэхухэмкlэ и министр Колокольцев В. А. иригъэкIуэкIа а зэIущIэм щытекIуэ-лъэхьащ наркотикхэмрэ акьылыр зэпызыгъэхьэ адрей щхьэхуэхэмрэ ятхьэкъуэщIадзахэр пасэу сэтей кьэщIынымкIэ лэжьыпхъэхэм, наркотикхэм ятхьэкъуэхэр нэсхьу Урысей Федерацэм Гъэхъужьынымкlэ, ахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьынымкIэ къэрал центрхэм зегъэужьынымкIэ хэкIыпIэхэм.

Колокольцев Владимир кьыхиригъэщхьэхукIащ наркотикхэм ятхьэкъуэхэр гъапансерхэм я лэжьэкIэр икIэщIыпIэкIэ егъэфIэкIуэныр, ахэр зыхуеину мыпЛкумрэ IэмэпсымэхэмкIэ нэгъэсауэ кьызэгъэпэщыныр, къэрал наркологие кьулыкъущIапIэхэм я лабораторхэм иджырей Iэмэпсымэхэр щыгъэувыныр, сымаджэхэр зэрагъэхьуж иджырей методикхэр щIэгъэкIуэн кьэщIыныр, медицинэм и районхэр Iуэхущ Iапи Iэхэр кьэщIыпкIэ наркологэмкIэ кьызэгъэпэщыныр икIэщIыпIэкIэ зэгугъун хуей Iуэхуу зэрыщытыр.

Нобэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэтрагъэуващ наркотикхэм ятхьэкъуэхэр гъэхъужьынымрэ ахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьынымкIэ системэ. Абы хеубыдэ цIыхухэр наркотикхэм емыгъэтхьэкъуным хуэгъэзэ профилактикэ лэжьыгъэр, узыфэр убзыхуныкIэ ар зыпкърытыр гъэхъужьынымрэ хуэгъэзэ лэжьыгъэхэр, апхуэдэу медико-психологие дзэпкьыкъуныгъэр.

Зэманым кьигъэув кьалэнэщIэхэм ябгъ иткIэ зэрагъэпэщыжащ сымаджэу 175-м щIэлэзэ стационар, сменэ кьэс цIыхуи 100 зэкIуанIэ поликлиникэ зыхэт наркологие диспансеры. Район сымаджэщхэм наркологиемкIэ пэшу 12 кьыщызэрагъэпэщащ икIи абыхэм зыхуэфащэ Iэщ Iагъэ Iапи щолажьэ. Прохладнэ районым щыщ Благовещенскэ кьалэм дэт православнэ члисэм кьыщызэIуахащ наркотикхэм ятхьэкъуэхэр гъащIэм щыхагъэзэгъэжьынымкIэ центр. Апхуэдэ Iуэхущ Iапи Iэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэр а зырыз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

2019 - 2023 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэу цIыхухэм щатхэр зэхъуэжьынымкIэ къэгъэсэбэп индексхэр убзыхуным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м кьыдигъэкIа унафэ №400-м, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м кьыдигъэкIа унафэ №2490-р-м япкъ иткIэ **унафэ сощI:

2019 - 2023 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэу цIыхухэм щатхэр зэхъуэжьынымкIэ зэбакъуэ мыхъуну индекс нэхъ ин дыдэхэр кьэщтэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм ПсэупIэмкIэ и кодексым и 157-нэ статьям, «Урысей Федерацэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэу цIыхухэм щатхэр зэхъуэжьынымкIэ къэгъэсэбэп индексхэр убзыхуным теухауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м кьыдигъэкIа унафэ №400-м, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м кьыдигъэкIа унафэ №2490-р-м япкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и яп-пленар зэIущIэм и Iуэхукlэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъаэзм и 14-м
№197-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и яп-пленар зэIущIэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ» 2009 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №26-РЗ-м и 10-нэ статьям и Iыхьэ 2-м тету **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и хэхьгъэущIэм и яп-пленар зэIущIэр 2018 гъэм дыгъэгъаэзм и 25-м сихьэт 11-м зэхуэгъэсын.

2. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъаэзм и 19-м
№200-УГ

«Адыгэ псалъэ» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуэдэу

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

ФокIадэм и 1-м щIидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлением иregъэкIуэкI 2019 гъэм и яп-илъэс ныкъуэм КъыдIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъадзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлхубзэкIэ къыщыдэкIыр. ДызэрригуфэмкIи, ар яIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ПщащIэгъуэн куэд кьивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкIыгъэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт хьыбарыщIэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуха тхыгъэхэр, нэгъуэщI куэди

Газетым Iэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Iуэхущ Iапи Iэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Iэ тедзапщIэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кIэнIейкIэ 78-рэ хьуу аращ.

Ди индексыр 51531

НОБЭ

♦Къуэлэпсэ къэралхэм щыпсэу чыристанхэм ягъэлапIэ Хьисэ бегъымбарыр кьыщалъхуа махуэр

♦1917 гъэм Украинэр рабочэхэм, сэлэтхэм, мэкъумэщыщIэхэм я депутатхэм я Советхэм я Республикэу кьалъытащ.

♦1942 гъэм 37-нэ армэм и дзэхэр фашистхэм яIыгъ Налшык хуит кьащIыжыну кьебгъэрыкIуэу хуежьащ.

♦1979 гъэм Афганистаным заузм щыщIидзащ.

♦1991 гъэм Горбачёв Михаил къэралым и цIыхухэм телевидензмкIэ захуигъэзащ икIи жиIащ СССР-м и Президент кьулыкъым зэрытекIыр.

♦2016 гъэм тенджыз ФIыщIэм хэхуащ Ту-154 кхъухьлатэр, Москва - Сочи - Латакие гъэуганэр зэпызычын хуеяр. Абы иса цIыху 92-р хэкIуэдат.

♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхан** къызэралъхурэ илъэс 104-рэ ирокIу.

♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Байсултанов Алим** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокIу.

♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Яхэгуауэ Михаил** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокIу.

♦Композитор, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Балэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокIу.

♦Сабий дохутыр цIэрыIуэ, медициним щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Кубаным щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм уэнныгъэр хьумэныкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бжьахъуэ Чэрим** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокIу.

♦Усакlуэ, литературовед, критик, щIэныгъэлI **Сокъур Мусэрбий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокIу.

♦ТхакIуэ, журналист, «Ленин гъэзэгу» газетым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Щхьэумэжь БетIал** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

♦СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ, Совет Союзым и Правительствэм и Унафэщым и яп къэудзэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Дзугужий Виталий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

♦Адыгэ усакlуэ, тхакIуэ **КIэщт Мухьэз** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэртехьэ-текIыущыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зэдэпщ1э щ1эхщи, зэдэшхэ 1эфIщ.

КIуэкIуэ Казбек хэтащ «ЛъагапIэщIэ» конкурсым хиубыдэу къызэрагъэпэща «IэщIагъэхэм я жармыкIэ» Iуэхум

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «ЛъагапIэщIэ» республикэ конкурсым и кIэух Iыхьэм хиубыдэу Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэрагъэпэща, «IэщIагъэхэм я жармыкIэ» Iуэхум.

ЗЭПЕУЭМ хиубыдэу абы хэтхэр яIущIащ республикэм и школ-интернатхэм щеджэхэмрэ нэхъ хуэмыщIа Iуэрыгъуэхэм щыщ сабийхэмрэ. Зэпеуэм щIимыдзэ щыкIэ абы хэтхэм хуаIуэтащ сабийхэм яхуэгъэза къэрал политикэм и мыхьэнэр, унагъуэхэр гугъуехьхэм хэмыхуэн папщIэ лэжьыпхъэхэр.

ЩIалэгъуалэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ УФ-м и Президентым и деж «Сабийхэм ятеуха илъэсипщI» социальнэ программэр гъэзэщIэныжьмкIэ щыIэ зэзыгъэуIу советым хэт, психологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Семья Галинэ. Абы зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхур хуэунэтIащ щIалэгъуалэр социальнэ къалэнхэр дэгъэкIыным, гугъуехь пыухыкIа-хэм хэхуа ныжьыщIэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэсэным.

Зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт Iэщ Iагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэу егъэджэныгъэм, узынщагъэр хуэмэным, мэкъумэщ хозяйствам, информатизацэм, шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным, ухуэныгъэм, туризмэм, промышленностым, сатум папщIэ Iэщ Iагъэ лIэхэр зыгъэхьэзырэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Зеиншэхэм я хуитыныгъэр зэрахъумэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Аслан иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыдэпемыгъэдынымкIэ Iуэхущ Iапи Iэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт комиссэм и зэIущIэр. Абы къыщыдэкIуэжащ 2018 гъэм зэфIагъэкIар, апхуэдэуи щытепсэлъыхьащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщыкIыныгъэхэмрэ интернат нэужым я нэIэ зэрытрагъэтыфыну Iэмалхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дунейпсо террорист гупхэм хьыхьахэм ехьэлIауэ республикэм и хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ.

КъБР-м цIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Къумыкъу Iэуес** жиIащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщыкIыныгъэхэмрэ я хуитыныгъэхэр яхуэмэныр яхуэзфIэкIын папщIэ, интернатхэр хьауха нэужьи абыхэм Iэщ Iагъэ ягъуэтыныкIэ, уиз зэрагъэпэщыныкIэ, лэжьапIэ ягъуэвыныкIэ дэлэпкъуэгъу яхуэхьуныр зэрафIэкIьабыльыр. Ауэ а Iуэхум теухуауэ гугъуехьхэр щыIэщ. Псалъэм папщIэ, зи ныбжьыр илъэс 18 - 23-хэм итхэм я нэIэ трагъэтыну хабзэм хуит ищIыркъыми, ныбжьыщIэхэм я щхьэ Iуэху хъу-мыхъуми зэрахуэж. Абы къыхэкIыу республикэ унафэщIхэм жэрдэм ящIащ сабий зеиншэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным ехпауэ щIыналъэм иIэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну.

Министрым жиIащ Нартан кьуажэм дэт, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ я щIыналъэм и къэрал-хэм ятеуха лэжьыгъэхэр хуэмэным ехпауэ щIыналъэм иIэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну.

Министрым жиIащ Нартан кьуажэм дэт, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ я школ-интернат №5-м и Правительствэмрэ зэрагъэпэщыжащ сымаджэу 175-м щIэлэзэ стационар, сменэ кьэс цIыхуи 100 зэкIуанIэ поликлиникэ зыхэт наркологие диспансеры. Район сымаджэщхэм наркологиемкIэ пэшу 12 кьыщызэрагъэпэщащ икIи абыхэм зыхуэфащэ Iэщ Iагъэ Iапи щолажьэ. Прохладнэ районым щыщ Благовещенскэ кьалэм дэт православнэ члисэм кьыщызэIуахащ наркотикхэм ятхьэкъуэхэр гъащIэм щыхагъэзэгъэжьынымкIэ центр. Апхуэдэ Iуэхущ Iапи Iэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэр а зырыз.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщым и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ ныкъуэдыкъуэхэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьынымкIэ системэ зэгъэуIуэныгъэм ахъшэр зыхухахьи субъект 18-м Къэбэрдей-Балъкъэрри хагъэхьащ.

УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэрагъэпэщащ Iэзэгъуэныгъэм илъ иткIэ федеральнэ бюджетым кьыхэзыIуэ республикэм сом мелуан 20-рэ мин 660-рэ кьыхуаутIыпщынущ. Езым и Iыхьэу КъБР-м абы сом мелуан 1,5-рэ щIигъуэкIынущ. Апхуэдэу ныкъуэдыкъуэхэмрэ сэкъат зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ цIыхухэмрэ Iэщ Iагъэмкlэ я лъэпкъ чемпионатым и щIыналъэ Iыхьэр егъэкIуэкIыным 2019 гъэм сом мелуани 3 трагъэкIуэдэнущ.

● Тэрч щIыналъэ

ЩIыуэпсыр дывгъэхъумэ

«Тэрч и мэз хозяйствэ» Iуэхущ Iапи иригъэкIуэкIащ хьэуа кьабзэм и къежьапIэу щыт ди мэзхэр хъумэным теухуа Iуэху.

ЛЕСНИЧЕСТВЭМ и лэжьакIуэхэм зэщIакъуэщ мэз Iофэхэм щызэтриха кIэрыхубжьэрыхухэмрэ пхъэнкIийхэмрэ. Бэмихуэр пхъэхуейуэ Урожайнэм жыг 50 щыхасащ. Мэзым и лэжьакIуэхэм къадэIэпыкъуащ кьуажэм дэт курыт школым щеджэхэр.

«Мыпхуэдэ Iуэхухэр ди щыпэублэкъым, зы илъэси кьэмынэу дэ идогъэкIуэкI щIыуэпс кьабзагъэр хъумэным екъэпIа щэбэт щIыхьхуэхэр икIи сыт щыгъуи дэ кьыддоIэпыкъу лесничествэм и Iэщ IагъэлIэр», - жиIащ еджапIэм и унафэщым гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и къуэдзэ Хьэтхьэу Нинэ.

ЖыгъыщIэхэр щыхасащ сабий-щIалэгъуалэ спорт школым и Iагъэлъагъэмэ. Мэзхэр хъумэным теухуа апхуэдэ Iуэхугъэ щIэх-щIэхыурэ мы щыпIэм щрагъэкIуэкIыну зэгуныущ. Абы хэтащ кьуажэ администрацэм и лжьакIуэхэри.

ЩОМАХУЭ Радинэ.

Кулеш Еленэ Юрий и пхъур Прохладнэ суд районым и суд участкэ №5-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Іэхэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. **Кулеш Еленэ Юрий и пхъур** Прохладнэ суд районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кулыкъум илъэсищ пIалъэкIэ гъэувын.
2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№983-П-П

Чипчиковэ ФатIимэ Къэзахъстан и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №10-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Іэхэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. **Чипчиковэ ФатIимэ Къэзахъстан и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №10-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и кулыкъум илъэсищ пIалъэкIэ гъэувын.
2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№984-П-П

Ялэжьам ироплъэж

● ЗэІущIэхэр

Урысей Гвардием КъБР-м щиІэ къудамэм и зэІущIэ иригъэкIуэкIащ управленэм и унафэщI, полковник Васильев Сергей. Абы щытепсэлъыхьащ блэкIа илъэсым Іуэхущ Іапіэм илэжьамрэ дызытехьэ 2019 гъэм зэфIагъэкIыну яубзыхуамрэ.

ЗЭІУЩIЭМ хэтащ УФ-м и Гвардием Кавказ Ищхьэрэ округым щиІэ хэщIапIэм и унафэщIым и къудэзэ, генерал-майор **Гаджиев Абдулхаким**.

Зэфіаха лэжьыгъэм теухуауэ зэІущIэм къыщыпсэлъащ управленэм и унафэщIым и къудэдзэкэу **Тезадэ Юрий, Сергеев Алексей, Щоджэн Къадир, Трушин Алексей, Хьэщ Іэмыз Заурбэч, Гореловэ Наталие, Меркулов Юрий** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Гаджиевыр къыщыпсэлъам къыхигъащащ Урысей гвардием КъБР-м щиІэ къудамэм нэхъ зытригъэщIэн, гулъытэ хэха зыхуищIын хуей унэтIыныгъэхэр.

Дызытехьэ 2019 гъэр ди лэжьакIуэхэм я хьэл-щэнымрэ гъэсэныгъэмрэ я илъэсу щытынущ, Урысей гвардием и тхьэмадэм и унафэкIэ. Абы ипкъ иткIэ, зэфIэвгъэкI лэжьыгъэм и закъуэкъым 2019 гъэм и кIэм дызэриплъэжьнур, - жиIащ абы.

ЗэІущIэм и кIэм управленэм и лэжьакIуэ пажэхэр щыхъ тхьилъхьэмрэ саугъэт лъапIэхэмкIэ ягъэпэжащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Налшык

Гъэзугхэр зэрагъэпэщыж

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ управленэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, илъэсиц пIалъэм Налшык и къалэкIуэцI гъуэгуу километр 64-рэ зыхуей хуагъэзэнущ.

«2019 - 2024 гъэхэм къриубыдэу гъэзгу зэпэщхэр ухуэн» федеральнэ программэм ипкъ иту яублэну мы Іуэхум хиубыдэнущ гъэзгу 48-рэ. Абы щыщу 11-м (километр 14) 2019 гъэм елажьынущ: Кировым и уэрамым зэхъуэжIыныгъэ щхьэхуэхэр халъхьэнущ икIи ар нэхъыбэу зэхьэлIар транспорт гъэувыпIэхэм къыхэгъэхъуэнырщ. Апхуэдэу лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIынущ Тэрчокъуэм, Гагариным, Щоджэнцыкіым я щIэхэр зеэзыхь уэрамхэмк. Ялэ ирагъэщынуэхэм ящыщщ социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ Іапіэхэм екIуалIэ гъуэгухэр.

Гулъытэ хуащI

Налшык Щэнхабзэмкіэ и паркым щекIуэкIащ ныкъуэдыкъуэгъэ зыбгъэдэлъхэм пащIэ къызэрагъэпэща нэгъуэщхь пшыхь.

НАЛШЫК къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуэлэ Іуэхуэмкіэ и управленэмрэ Зауэмрэ лажьыгъэмрэ я ветеранхэм я къалэ советымрэ я жэрдэмкIэ яубла мы Іуэхум хэтыну кьрагъэблагъат зауэм и зэманым лэжьыгъэ зиІэхэр зи фэ дэхуа нэхъыбжьхэри.

Пшыхьым хэтахэм хъуэхъукIэ захуигъэзащ Советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа. Абы къыхигъэщащ, гуныкъуэгъуэу яІэм емылъытауэ, дэтхэнэ зы цыхури жылагъуэ гъащIэм Іэмал зэриІэкIэ хэшэн зэрыхуейр.

ХьэщIэхэм я пащхьэм зыкъыщагъэлъэгуащ къэфакIуэ, уэрэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм. Пшыхьым хэтыну зыхуэзэфIэмыкIакэри гулъытэншэу, къагъэнакъым. Абы-хэм ялъыгуэзащ волонтёрхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Налшык къыІэрыхьэнущ «ДэІэпыкъуэгъу псынщIэу» 33-рэ

Къэралым автомобиль къыщIэзыгъэкI и Іуэхущ Іапіэхэр дэІыгъыныкIэ федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, зэман гъунэгъум Къэбэрдей-Балъкъэрым къыІэрыхьэнущ «В» классым хьыхь, «ДэІэпыкъуэгъу псынщIэ» автомашинэу 33-рэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ Налшык къэсащ автотранспорт 13. Налшык къалэ и «ДэІэпыкъуэгъу псынщIэ» станцымрэ Къэхъукъащ Іэ шынагъуэхэмкIэ медицинэ центрымрэ 9-р иратынущ, адрейхэр район сымаджэщхэм яІэрыхьэнущ.

КъБР-м Узышнагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ мы гъэм илъэс еплIанэ хъуауэ Кэнжэ Щэнхабзэмкіэ и унэм къыщыІэзрагъэпэщ «Адыгэ пщащэ» республикэпсо зэпеуэм и зи чэзу зэхьхьэр мэрем кIуам екIуэкIащ.

СЫТ щыгъуи хуэдэу, Щэнхабзэмкіэ унэм цIыху куэд къыщыІэзэхуэсат, зэпеуэну хъыджэбзхэр утыкум хуэпабгъэрт, Іуэхур къыддэзыІыгъэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ я саугъэтхэр хьэзырт, къэпщытакIуэ гупри и пщэрылъым щыпэрыхьэнум ежьэрт. Абыхэм я пашэ, лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIым кIэлъыплъ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** и нэІэ щIэту а махуэм лэжьащ усакIуэ, «Нур» журналым и редактор **Хьэту Пётр**, модельер цIэрыІуэ **ХьэцIыкIу Мадинэ**, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэм я къуэдзэ **Щоджэн Іэминат**, «1 КъБР» телеканалым и лэжьакIуэ **Жэман Мадинэ**, актёр, режиссёр **Хьэмыкъуэ Олег**, «Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и къудамэм и унафэщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиІэ и журналист **НэщIэпыджэ Замирэ**, уэрэджыкIакIуэ щIалэ **Бэн Азэмэт**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и «ЩIалэгъуалэ гвардием» хэт **Тэтэр Къантемыр**, пщафIэ Іэзэ **Мамий Мухьэмэд**, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэ пажэ **Битокъу Науркъан** сымэ.

Пшыхьым и пэщIэдзэм ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIащ адыгэм кьыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъума хъунымкIэ мы зэпеуэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, адыгэ пщащэм хэлъыпхъэ хьэл-щэнымрэ иІэн хуей дуней тетыкIэмрэ наІуэ зэрищIыр, ар зыльгъэну псоми щапхъэ трахмэ, дерс къыхахмэ, я мурадыр къайкъулIауэ ныкъэрилъытэнур. Пщащэхэм тегушхуауэ я зэфIэкI псори утыку кьрахьэну, къэпщытакIуэ гупым нэфI-ней хэмылъу я къалэныр ягъэззэщIэну захуигъаззри, Мухьэмэд пшыхьыр къызэІуихащ.

Зэпеуэр езыгъэкIуэкIа Къанкъул Исльамэ Бат-Къэныкъуей Залинэрэ я фIэхъыс гуапэм и ужькIэ, хъыджэбзхэр зырызу утыкум кърашащ, дэтхэнэри къызыхэкIа лъэпкъым, къызыдэкIа жылэм дыщагъэгъуаззу.

Абыхэм зэпеуэр яублэн уэрей «Утыку ихьэ» зыфIащамкIэ, я унагъуэхэм, лъэпкъым, езыхэм ятеухуа хъыбар кIэщI щыжиІэну Іыхьэмкіэ. Экраным кьытридзэ видео ешлъэгъуэныгъэхэр я щIэгъэкъуэну, хъыджэбзхэр хэти усэбзэкIэ, хэти поэмэ щыкIэм тету гъэхуауэ псэлъащ. Дэтхэнэри адыгэ унагъуэ щапIат, къэзылъхуахэм хуащI пщIэр, адэшхуэ-анэшхуэр зэралъытэр, кьыдалъхуахэм зэрахуэгумащIэр, ерджэным зэрыдихьэхыр, жыджэру жылагъуэ Іуэхухэм зэрыхэтыр, нэгъуэщIхэри адыгэбзэ шэрыуэкIэ ягъэІуащ.

Пщащэр дахэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым. Ар гъащIэм хуэІущу, щIэныгъэм хуэпабгъэу, лъэпкъ тхыдэм хищIыкIыу, адыгэ Іуэхум ехьэлIа дауэдапщэхэм щыгъуаззу щытын зэрыхуейр кьеГэлъагъуэ зэпеуэм хэтхэм я акъыл жанагъыр кьыщапщытэ Іыхьэм. Исльамрэ Залинэрэ я хъуржыным илъ упщIэхэм зырызыхxэу хэІэбэурэ, кьалъысым жэуап иратын хуейт хъыджэбзхэм. Гузавэу зи гупсысэр и кIэм нэсу къэзымыІуэтэфа яхэтами, хъыджэбзхэр фIыуэ зэреджэри, ямыщIэ зрагъэщIэну зэрыхэтри, зэпеуэм фIыуэ зэрызыхуагъэхьэзырари кьурипщIэрт я жэуапхэм. УпщIэ тIурытI кьыхахати, жэуап езымытыфа кьахэкIакъым, хэт и жэуапыр нэхъ убгъуат, хэти и гупсысэр кIэщIу кьиІуатэрт.

Абыхэм яхуэфащэ баллхэр хуагъэува нэужь, пщащэм Іэмал имыІэу хэлъын хуей Іэпщlэлъапщlагъэр ягъэлъэгъуэным хуэкIуащ. Унэгуащэ Іэпэлэсэм мастэІуданэр хуэгъэІэкIуэлъакIуэрэ идыр мытIэпIу щытын хуейкъэ?! Бзыхьэхуэхэр, мастэ-Іуданэхэр, Іэнысэтхэр, щIыІухэр хуагуэшри, дакъикъэ зыбжанэм кьриубыдэу хъыджэбзхэм я къалэн ягъэззэщIащ. Ар къэпщытакIуэ гупым ди пащхьэ кьралъхьэжри, зырызыхxэу зэпэтплъыхьурэ зэхэдгъэкIащ хэт сыт хуэдэу жыр мастэр хуэгъэІэкIуэлъакIуэмэ.

Цыкухьэр нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэІэзэн хуейхэм ящыщу, ІэфIу пщафIэныр. Мы Іыхьэми пщащэ цыкIухэм унэгущэфIым хуэдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. ЩIакхъуэзэтеупIэщIыкI, кхъуейжьапхъэ, пІастэ, лыцIыкIулыбжьэ, лыгъур гъэжьа, тхьэмщIыгъуныбэ, джэд лыбжьэ, нэкулъ, бабыщ гъэварэ цIыртIрэ, лэкъум, кхъуей, уеблэмэ щыуан зэфIэдзам хагъэвыхьа щхьэ щIэлъэныкъуэ утыку кърахьат зэпеуэм хэтхэм. Ахэр унэм зэрыщапщэфIар видеокIэ къагъэлъагъуэурэ, шхыныгъуэм халъхьэхэм, ар зэрысэбэным, Іэнэм къыщытрагъэувэм, къызэрытрагъэувэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ. Къэпщытакіуэхэм куэдым гу лъатэрт: пщащэр щыпщафIэкIэ и щхьэм Іэльэщ фIэлъыным, кIэпхын зэрыуГлъым, и Іэбжьанэр кIэщIрэ кIыхьрэ, ларэ мыларэ, Іэбэкіэ ищIэрэ-имыщIэрэ... Ауэ, жыпIэнуракъэ, дагъуэ зыхуащIын пщащэхэм кьахэкIакъым. Ауэ нэкулъ, тхьэмщIыгъуныбэ хуэдэ зыныгъуэхэр упщфIыныр зэрынэхъ гугъур кьыхагъэщащ.

Щэнхабзэм хухэха Іыхьэри дахэу екIуэкIащ а пщыхьэщхьэм. Зэпеуэм хэта хъыджэбзхэм адыгэбзэр ящIэ хуэдейтэкъым, утыку итыкIэм зыхуагъэсам и закъуэтэкъым, атIэ дэтхэнэри зы Іуэху дахэ гуэрым дихьэхыу кьыщIэкIри, нэгузыужьу екIуэкIащ. Хэти уэрэд жиІэрт, хэти зэкIужу утыкум кьыщыфэрт, анэдэлъхубзэр игъэбзэрабзэрэ гур кьиІэту усэ гъэхуауэ кьеджэ яхэтт, теплъэгъуэ щыкIэу зэхагъэувауэ хъуэхъу зэмылІэужьыгъуэхэр жаІэрт, пианинэ еуэрт. КьищынэмыщIауэ, псоми зы къафи зэдагъэззэщIащ. А псори зыгъэхьэзырар Кэнжэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и лэжьакIуэ Къуэжей Темыркъанщ.

Таурыхъым и лъахэм укъыщигъэхутэрти, дунейр зытезыІыгъэ дахагъэр уи пащхьэ щызэкIуэрт пращащэхэм я пшыхь фащэхэр щагъэлъэгъуэ Іыхьэм. Адыгэ пщащэ Іэдэбт, зэкIужт, щыкIафIэт, нэфIэгуфIэт утыкум щытпсагъуну тфIэигъуэу пшыхьыр щІызэхэтшар. Мис ар наІуэ щыхъащ мы Іыхьэм. Адыгэ тхьипхъэщIыпхъэкIэ гъэщIэрэщIа бостейхэр зыщыгъ дэтхэнэри зыхуэбгъадэ хъуэн щымыІэу зэкIужт, я нэгум кьищ гуфIэм зыр зым емыщхьу гуакIуэ ищIырт, уардэу заІыгърэ псы хуэм ес кьаэу утыку кьыщихьэкIэ апхуэдэ бзылъхугъэ зиІэ лъэпкъ укъызэрыкъэкIам уримыгушхуэнкIэ Іэмал иІэтэкъым. Мыбдежым псори зэщхьт, псори дахэт...

Анэдэлъхубзэм и куугъри, абы и фIагъри зыхэплъагъуэ Іуэрыіуатэращ, адыгэ хъуэхъуэраш. Иужьрейуэ пщащэхэр зэрызэпеуар хъуэхъукIэтэ, хэбдзыну зы псалъэрэ уигу дэмыкьэну зы пщащэрэ яхэмыту абы пэлъэщащ хъыджэбзхэр.

Пшыхьыр нэхъри гуимыхуж ящIащ Хъупэ Марианнэ, Бындыжь Аскэр сымэ я уэрэдхэмрэ Мамий Аслъэн и пшынальэ гуакIуэмрэ.

Адэкіэ Іуэху къызыпэщылъыр кьэпщытакIуэ гупрати, зэдауэ хэмыту, зэгурымыІуэ къахэмыкIыу увыпIэхэр ягъэшащ. Ар Іуэху тынштэкъым, ауэ дэтхэнэми и еплъыкIэ, и гупсысэкIэ хилъхьэу игъэува баллхэр зэхэтлъхьэжри, хъыджэбзипщIми увыпIэхэмрэ цIэхэмрэ яхуэдгъэшащ.

«Адыгэ пщащэ-2018» республикэпсо зэпеуэм и Гран-при саугъэтыр къыхьащ Шэджэм Езанэм щыщ **Гъуэт Миланэ**, Ялэ адыгэ пщащэ хъуащ Псынабэ дэс **Шокъум Іэминэ**, ЕтIуанэ адыгэ пщащэр зыхуагъэфэщар Джэрмэнщык щыщ **Молэ Миланэщ**, Ещанэ адыгэ пщащэ хъуащ Нартан къикIа **Ардавэ Камиллэ**. Пщащэ нэІурыту кьыщIэкIащ **Тау Лаурэ** (Щхьэлыкъуэ), Пщащэ щыкIа-фIэт **ДыщэкI Іэминэ** (Налшык), Пщащэ зэкIужу кьалъытащ **Беслъэней Фаинэ** (Псыхъурей), Пщащэ акъыл жант **Гъубжокъуэ Линэ** (Нарткъалэ), Кьафэм и гуащэ хъуащ **ФыцIэ Алинэ** (Псыгуэнсу), Іэнэм и гуащэт **Хьэмгъуокъу Камиллэ** (Кэнжэ).

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм, хэтахэм саугъэт хуащIащ Налшык кьалэ администрацэм Щэнхабзэмкіэ и управленэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и «ЩIалэгъуалэ гвардием», «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм, ТРЦ «Дея» ООО-м, «Кенжа» ООО-м, «Чистюля» тыкуэным, бзылъхугъэхэм зэрызагъэщIэращIэ хьэпшыпхэр зыщI Шишман Залинэрэ КIэрэф Альбинэрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● «Адыгэ пщащэ-2018»

Зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ

Гъуэт Миланэ

Шокъум Іэминэ

Хьэтlохъущокъуэ Къазий и щIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щригъэкIуэкIащ «БэрэІущ» хэгъэгупсо зэпеуэр.

Бжьыней Камиллэ псом нэхърэ нэхъ Іущщ

КЪЭПЦЫТАКIУЭХЭУ кърагъэблэгъат адыгэ сурэтыщI цIэрыІуэ Црым Руслан, Шэджэм кьалэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Бэрэгъун Эммэщ,Ботэщыем дэт курыт школым и 9-нэ классым щеджэ Фэнзий Миланэ (зыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Тэрчыкъуэ Заретэщ), Бачъсэн кьалэ дэт 9-нэ курыт еджапIэм и 10-нэ классым щеджэ Кушмэзыкъуэ Хьисэ (зыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Хэжь Светланэщ) сымэт.

ЗрикIуэну гъуэгухэр (пльыжь, гъуэжь, удэыфэ) кьыхахэри папщIэ еджакIуэхэр адыгэ тхыбзэмрэ я бзэм и шэрыуагъэмкIэ зэпеуэн зэрагъэззэщIа щIыкIэр, абыкIэ ягъэува баллхэр кьэпщытакIуэхэм утыкум щыжаІа нэужь гъуэгухэр кьыхахри, зэпеуэм щIидзащ. Адэкіэ Іуэхур зэрагъэпсам тету иригъэкIуэкIащ Налшык кьалэ дэт 14-нэ гимназием тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ, Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт Кьэбардэ Астемыр. Абы зэрыжиІамкIэ, пасэу хьыбар зэрырагъэщIам кьыхэкIкIэ еджакIуэхэм Іэмал яІащ зэпеуэм зыхуагъэхьэзырыну.

Щыуагъэ кьыхэмыкIыу упщIэхэм я жэуапхэр иритщ, екIуу и гъуэгу плъыжьым ирикIуэри, Бжьыней Камиллэ ялэ увыпIэр кьихьащ.

Ауэ Іуэхур абдежым щиухахьым. Кьэбардэм пэшым щIэс еджакIуэхэм зэрагъэззэщIа щIыкIэр, абыкIэ ягъэува баллхэр кьэпщытакIуэхэм утыкум щыжаІа нэужь гъуэгухэр кьыхахри, зэпеуэм щIидзащ. Адэкіэ Іуэхур зэрагъэпсам тету иригъэкIуэкIащ Налшык кьалэ дэт 14-нэ гимназием тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ, Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт Кьэбардэ Астемыр. Абы зэрыжиІамкIэ, пасэу хьыбар зэрырагъэщIам кьыхэкIкIэ еджакIуэхэм Іэмал яІащ зэпеуэм зыхуагъэхьэзырыну.

Дахэу, екIуу зэхэта Іуэхур кьекIуэлIа псом я яфIэгъэщIагъэм хъуэуэ, еджакIуэ цыкIухэр нэхъ тегушхуэрэ кьыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм зэтыну щIэхъуэпсу, псори зэхуэарэзыуэ зэхэкIыжащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Ислъамым и нур

Зыгъэхъэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэщ

КъурIэн лъапIэм щыщ Iэятхэм я мыхьэнэр

КъурIэн лъапIэм Iэят къыщыкIуаш: «Фэ ффIэмыфI куэд фэркIэ хъеру (фIыуэ) Сэ къэзгъэщIащ, ауэ фэ абы фыщыгъуаззэкъым. Фэ ффIэфI куэд фэркIэ шэру (Iейуэ) Сэ къэзгъэщIащ, ауэ фэ абы фыщыгъуаззэкъым».

ДЕГУПСЫСымэ, мы гъащIэм дэ къыщыдэмыхъуIэ куэд щыIэщ. Абы дробамПIэ, дронэщхьей, ауэ щыхьукIи, дэ дыщыгъуаззэкъым а ди хъуэпсапIэр къыдэхъулIэжэм, абы къытухуихьынум. ФIыри, Iейри, щэхури, наIуэри зыщIэр Алыхь закъуэращ. Дэ нэпс щыщIэдгъэкI щытыкIэ куэдым дохьэ, ауэ дэ тщIэркъым а гуаузр щIэдгъэвым и щхьэусыгъэр.

Iэят лъапIэм и мыхьэнэм теуухуауэ щапхъэ кIэщI щыкIу къыфхуэсхьынщ.

Сабий къэжэпхар мэзым хэту и нигъ зригъэужьырт. Хьэуар къабзэт, бзу щыкIухэр убзэрабзэрт, нэм кIыплъыхьыр щхъуантIагъэт. Гъэгу бгъузэ щыкIум тету кIуэ щIалэ щыкIур лъэпэрапэри, джэлащ, лъыр къежэхыу и лъэгуажьэр триудащ. - «Уа, Алыхь! Щхьэ мыгъуэ сыбгъэджэла, сыкъэпхъумэным и пIэкIэ!?» - жиIащ сабийм. Зы тэлайкIэ щысри, адэкIэ гъэгуанэм пищащ. Нэхъ куууэ мэзым хыхьэху, теплъэм нэхъ дахэжу зихъуэжырт. Зыкъомрэ кIуауэ, псыIэрышэ макъ зэхихащ. Мылым хуэдэу къабзэу икIи щIыIэмылу ежэх псым щыщ ефэу, абдеж тIэкIу зыщIгъэпсэхуну и мураду, щIалэ щыкIур псы Iуфэм щыIухьэм, ар зытеува мывэ щIанлъэм игъэлъэпэрапэри, аргуэру джэлащ. - «ЯIэлых, сыту сынасыпIншэт нобэ! Сыпщыгъупщауэ ара, си Тхьэ? Щхьэ мыгъуэ сыкъэуумыхъумэрэ?!» - гъыурэ жиIащ щIалэ щыкIум. ТIысри и уIэгъэхэр игъэкъэбзэжу тэлайкIэ щысащ. Апхуэдэу здэщысым, гъунэгъуу щыт жыгышхуэр къэукIуриящ.

ЩIалэ щыкIур Алыхьым къихъуамэу арат апхуэдизрэ щIигъэжджалэр, арщхьэкIэ, езыр, дауи, абы щыгъуазэтэкъым.

Япэу мыджэламэ, сабийр зытет гъуэгум зэпрыпщ блэм Iущ1энут - а блэм и гъным къелынутэкъым. ЕтIуанэу мыджэламэ, и уIэгъэр игъэкъабзэжу абдеж тIэкIу зыщимыIэжьамэ, жыгыжьыр къытехуэнурэ щIипIытIэнут.

Iимам Iэбу Хьэнифэ и адэ-анэр зэрызэрыцIыхуар

Iимам Iэбу Хьэнифэ и адэр иджыри щIалэщIэу псыIуфэм Iуту здрикIуэм, кIыпIэгъуащ псым ирихьэх мыIэрысэр. ЩIалэм ар къухихри, зэ закъуэ фIэкIа емыдзэкъуэу, игу къэкIыжащ нэгъуэщIым и мыпIку (ар зейм и Iизынынщэу) зэришхыр. ЕпIэщIэкIыу гъэзгу текIащ мыIэрысэр зейр кIыпIыхьуэну. Ар къигъуэта нэужь, елъэIуащ мыIэрысэ ишхар хьэлэл кIыхуищIыну. ЛIым телъыджжэ щыхьащ щIалэщIэм Iиман щыпкъэ зэрыбгъэдэлъыр, икIи жриащ: «Хьэлэл сыкъэпхъумэным и пIэкIэ!?» - жиIащ сабийм. Зы тэлайкIэ щысри, адэкIэ гъэгуанэм пищащ. Нэхъ куууэ мэзым хыхьэху, теплъэм нэхъ дахэжу зихъуэжырт. Зыкъомрэ кIуауэ, псыIэрышэ макъ зэхихащ. Мылым хуэдэу къабзэу икIи щIыIэмылу ежэх псым щыщ ефэу, абдеж тIэкIу зыщIгъэпсэхуну и мураду, щIалэ щыкIур псы Iуфэм щыIухьэм, ар зытеува мывэ щIанлъэм игъэлъэпэрапэри, аргуэру джэлащ. - «ЯIэлых, сыту сынасыпIншэт нобэ! Сыпщыгъупщауэ ара, си Тхьэ? Щхьэ мыгъуэ сыкъэуумыхъумэрэ?!» - гъыурэ жиIащ щIалэ щыкIум. ТIысри и уIэгъэхэр игъэкъэбзэжу тэлайкIэ щысащ. Апхуэдэу здэщысым, гъунэгъуу щыт жыгышхуэр къэукIуриящ.

Iэят лъапIэм и мыхьэнэм теуухуауэ щапхъэ кIэщI щыкIу къыфхуэсхьынщ.

Сабий къэжэпхар мэзым хэту и нигъ зригъэужьырт. Хьэуар къабзэт, бзу щыкIухэр убзэрабзэрт, нэм кIыплъыхьыр щхъуантIагъэт. Гъэгу бгъузэ щыкIум тету кIуэ щIалэ щыкIур лъэпэрапэри, джэлащ, лъыр къежэхыу и лъэгуажьэр триудащ. - «Уа, Алыхь! Щхьэ мыгъуэ сыбгъэджэла,

Iэбу Хьэнифэ и жэуап Iущыр

Зы лIы гъэрым ахъшэу иIэр псори игъэтIылъат, арщхьэкIэ, здигъэтIылъар щыгъупщэжри, куэдрэ лIыихъуащ. Къызэримыгъэтхъыжыфым иринащ: хъешуэ, ар чэнджэщакIэ кIуащ Iэбу Хьэнифэ дэж. КъыщыщIар щыхуиIуатэм, Iэбу Хьэнифэ и жэуапу абы зэхихащ: «КIуэжи, нэху щыху умыувыIэу нэмэз щIы, Тхьэм елъэIуи, Алыхьым жиIэмэ къэбгъэтыжынущ уи ахъшэр».

ЛIыр кIуэжри, нэмэзым теуващ, арщхьэкIэ зы тIысыгъэ закъуэ фIэкIа имыщIащ, къыщIэжащ ахъшэр здигъэтIылъар. Сэлам итщ, нэмэзым кIыхьэтIыжри, ахъшэр къыщтэжащ, игури къызэрыгъэуэтыжаэу, пщэдджжьым Iэбу Хьэнифэ и дэж кIуэри, фIыщIэ хуищIащ икIи еупщIащ: «Уа, Iэбу Хьэнифэ, дауэ къызэрыпщIар нэмэз сщIымэ, ахъшэр къызэрызгъэтыжынур?»

«Нэху щыху Алыхьым ухуэпщынIым мурад зэрыпщIам шейтIанир игъэгужьейри, Тхьэм и арэзыщIныгъэм утримыгъэлэжьэн папщIэ, ахъшэр здэбгъэтIылъыр къуигъэщIэжауэ араща», - жиIащ Iэбу Хьэнифэ.

Хьэдисхэр

●Адэ-анэм я гуфIэгъуэр Алыхьым и гуфIэгъуэщ.

●Адрей цIыхухэм ефIэкIыу къызыщыхъужым (ар хугу хьэдэ хэдизкIэми) жэнэтыр иIагъэнукъым.

●Мустъымэным и Иманыр ирикъуркъым, езым хуэдэр и щхьэм иминыльытмэ.

●Къулейсызыр илъэс 500-кIэ нэхъ пасэу жэнэтым кIуэнущ, къулейм нэхърэ.

●Зи Иманыр нэхъ быдэ дыдэр фэ фщыщу зи щытыкIэр дахэрщ, фэ фщыщу нэхъыефIыр зи щхьэгъусэм фIыуэ хущытыращ.

●ЖьауанIэ зыри щыщымыIэну Къемэт махуэм жьауанIэм щIэтынухэщ фэ фщыщу:

- пэжым и телъхъэ унафэщIхэр;
- щIалэу Тхьэм хуэпщылIын щIэзыдзахэр;
- Алыхьым папщIэ фIыуэ зэрылъэгъуа цIыхуитIыр;
- хьэрэм иригъэщIэну цIыхубзыр къыщеджэм деж, абы зыдригъэхъэжу Алыхьым игъэхьэрэма Iуэхугъуэр зымылэжьа цIыхухъуэхэр;
- щэхуу псапэ зылэжьхэр, нэгъуэщIу жыIэмэ, Iэ ижьым илэжьа псапэр Iэ сэмэгум къезымыгъащIэхэр;
- Тхьэм хуэпщылIу зи нэпс къекIуахэр.

Сыт джихьадыр зищIысыр?

● Уаз

ипэкIэ дунейм ехьэжащ, ахърэт нэхур Тхьэм кърит!

Джихьадым и мыхьэнэр щIэныгъэлI Рэмэдан аль-БутIи и тхылъым кьитхащи, нэхъ гъэкIэщIауэ фи пащхьэ ныдолъхьэ.

«Джихьадыр зыбжанэу зэхедз. Псом япэр Алыхьым и цIэр Iэтыныр, Абы и закъуэныгъэм къыхуеджэныр, ислъам диныр хъумэныращ. НэгъуэщIу жыIэмэ, ислъам диным къыхуеджэныращ. Ауэ абы къыхуезыджэ хъунухэр дин щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъэращ. ЩIэныгъэнэшэм диным къыхуриджэныр Тхьэм игъэхьэрэмащ. Абы и щыхьэту КъурIэным Iэятхэр къыщыкIуащ, диным хэмылъ хэзылъхьэми, хэлъыр хэзыхми, жьхьэнмэр къызэрилэжьынум теухуауэ.

Джихьадыр ялэжь псалъэкIи, лэжьыгъэкIи, лIыгъэкIи (иужьрейуэ, «лIыгъэкIэ» жьхуиIэр нэгъуэщI хэкIыпIэ зыри щыщымыIэжьым и дежщ къыщагъэсэбэпыр).

ПсалъэкIэ джихьадыр

ПсалъэкIэ джихьадым и мыхьэнэр ислъам диным къыхуеджэныращ, ар зи къалэныр щIэныгъэлIхэращ. Ислъам дин щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтам и къалэн нэхъыщхьэщ и щIэныгъэмкIэ адрейхэм ядэгуэшэныр, армырамэ, абы Тхьэм и пащхьэ жэуап щихьынущ. Абы щыгъуэми, зыщигъэгъупщэ хъунукъым Алыхьым и псалъэу БукIэрэ Iэпхъуэм къыщыкIуар: «Диным залымыгъэ хэлъхъым» жьхуиIэ Iэятыр («Бэкъэрэ» сурэм и 256-нэ Iэятыр). Мухьэмэд бегъымбарми (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) и хьэдисхэм къыщыкIуащ диным залымыгъэ зэрыхэмылъыр. ИкIи ЛIыкIуэ лъапIэм щыIубзэр диным къыщыхуриджауэ араща. Абы теухуауэ щапхъэ куэд къыпхухьынущ.

Псалъэм и хьэтыркIэ, Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуар) Меккэ дэту здэкIуэм, хьэлъэ зыIыгъ фызыжьым хуэзащ. Абы иIыгъ хьэлъэхэр къыИмахуэ хуихьырт ЛIыкIуэ лъапIэм. Гъэгуанэ къапщыкIыр кIыхьт, фызыжьри псэлъэрейт. Куэдрэ кIуами, фызыжьым и жьэр имыгъэувыIэу Мухьэмэд бегъымбарыр иубащ: «Абдулахь и къуэ Мухьэмэд къыщыуэнэуа махуэм дунэхъат, уГурлыкъым ар», - жиIэурэ. Ауэ щыхъукIи, ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) зы псалъэ жриIакъым фызыжьым. Хьэлъэр и унэм нэс хуихьыжщ, и бжэIупэм деж хуиГъэуври, псалъэ дахэ жриIауэ къыщыIукIыжьым, фызыжьыр кIэлъыджащ:

- Уа, щIалэ ухэт уэ, уи цIэр хэт?

- Си цIэр Мухьэмэдщ, Абдулахь сриКъуэщ, - щабэу жиIащ ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIы и хуам). Бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) хэлъ шыIэныгъэмрэ и зэпIэзэрытагъымрэ зи нэгу щIэкIа фызыжьым илъэгъуар апхуэдизкIэ и гум хыхьати, «Ашхэду Iэннэ ЛаIилахьэ Iиллалахь Мухьэмэд рэсулулахь» (Сэ сыщыхьэтщ Алыхьым фIэкIа Тхьэ зэрыщымыIэмкIэ, Мухьэмэд Абы зэрилыкIуэмкIэ) жиIащ.

ЛэжьыгъэкIэ джихьадыр

Ар ислъам диным зиубгъун папщIэ гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу пхуэзфIэкI псори блэжьыныращ. Псалъэм и хьэтыркIэ, дин щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну гъэзагуанэ техьажьэм и гум щIэныгъэм зиубгъуным телажьэхэм мыльукуКIэ защIэгъэзэкъуэныр.

ЛIыгъэкIэ джихьадыр

ЛIыгъэкIэ джихьад жыхуэтIэр тIуэ егуэш:

Япэр: муслъымэнхэм я щIыпIэм къихьэу къатеуэну (муслъымэнхэр зэтраукIэну) мурад зэращIам ущыгъуазэмэ (ауэ абы зы шэч лъапкъи къытымыхьэу ущыгъуазэн хуейщ), абы уапэщIигъэувэнущ. НэгъуэщIу жыIэмэ, узэраукIыным зы шэч хэмылъу щытмэ, уэ зумыгъэукIын, муслъымэнхэр иумыгъэукIын папщIэ, бийм упэщIигъэувэнущ.

Псалъэм и хьэтыркIэ, бын хейм, лажьэ зимыIэм ар икIын мурадкIэ бзаджащIэр сэ къихьакIэ къыбгъэдыхьэмэ, зы адэ-анэ дунейм тетхъым абы елпъу зи бын езыгъэукIын. Анэм и быныр зэраукIынум шэч хэмылъмэ, ар иримыгъэукIын папщIэ, бзаджащIэм езыр пэщIэувэнущ.

Мис апхуэдэ мурад фIей зиIэхэм защихъумэн хуейщ. Абы щыгъуэми, узыпэщIэувэ хъунур узыукIыну къыппэщIэуваращ. Бийм езым уиукIыну къомыбгъэрыкIуэмэ, абы сыт хуэдэ дин зэрихьэми, уэ яп1ущу ар букIыну хуитынигъэ уиIэкъым. Ар Алыхьым игъэхьэрэмащ. Бийр муслъымэным и щIыпIэм иджыри къимыхьамэ, ауэ абы хузхъэзыру къебгъэрыкIуэмэ, абы пэщIэувэн хуейщ, ар уи щIыпIэм къибгъэхьэу, зауэ иумыгъэублэн папщIэ, икIи абы пэщIэувэ хъунур зауэлIхэращ.

ЕтIуанэр: Бийр муслъымэным и щIыпIэм къихьауэ, лей зэрихьэу, щIыхуэр зэгриукIэмэ, мис итIанэ, псори лейзехьэм пэщIэувэу, я щхьэр яхъумэн хуейщ. Ауэ щыхъукIи, бийр япэ къищу зэуэн щIимыдзэмэ, муслъымэныр япэ ищу зауэ иублэну хуиткъым. Иджыри зэ къытезгъэзэжу, нэхъ хэкъуэзауэ жысIэну сыхуейщ: КъурIэнымрэ хьэдисымрэ къызэрыщыкIуар бийр япэу къыптеуэмэ, упэщIэувэжьныращ. НэгъуэщIу жыIэмэ, уи Iэр едэхъхауэ уеплъу бийм зумыгъэукIынырщ, уи щхьэ пхъумэжьныращ. Унэхъуащ езыр япэ ищу Iэщэ къэзыщтэ муслъымэныр.

КъурIэным дыкъызыхуриджэр мамырыгъэщ, зэгурыIэныгъэщ. КъурIэным къыщыкIуакъым «утыку ихьи, лъы гъажэ», - жиIэу, ауэ, цIыху укIыныр, лъы гъажэныр зэрыхьэрэмыр къыщыкIуащ КъурIэн лъапIэм.

Алыхьым дыхуэжьыщIэныр, сунэнтым дытетыныр, ислъам диным къытхуигъэува мардэхэм дытету цIыхубэр мамырыгъэм къыхуеджэныр мис араща «джихьад» хъужыр.

Хэт сымэ ислъам диным гур щызыгъэкIэр?

Нобэ куэд щыIэщ дин щIэныгъэ зрагъэгъуэтауэ къащыхъужу, ауэ щыхъукIи, щIэныгъэ гуэр ябгъэдэлъми, щIэныгъэ нэс зэрабгъэдэмылъым ипкъ иткIэ, диным гущыкI хууагъэщIу.

Нэмэз зыщI псоми, КъурIэн еджэ псоми дин щIэныгъэ ябгъэдэлъу аракъым. Ислъам диным и лъабжьэр апхуэдизкIэ кууци, уи гъащIэ псокIэ абы ухуеджами, и щIэм унэмысыным хуэдэщ.

Дин щIэныгъэ цIыхум ябгъэдэплъхэн папщIэ, КъурIэн лъапIэр и пэм щегъэжьауэ и кIэм нэс хьэрф зырызыхxэу зэпкърыхауэ бджын хуейщ, псалъэм и хьэтыркIэ Ибн Хъэлдун, Ибн Кэсир сымэ я Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэр (КъурIэным и мыхьэнэр), ислъам диным и тхылъ кууэ джын хуейщ.

Мис апхуэдэ щIэныгъэ нэс зыбгъэдэмылъу диным тепсэлъыхьэрщ ислъамым гущыкI хуэзыгъэщIэр».

ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и псалъэхэмрэ щIэныгъэлIхэм къахутэхэмрэ

Нисахь ибн ТIифхьа и адэм жиIэжауэ къиIуэтэжащ: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) и деж сыщыхьэщIэри, жащми сыкъэнат. НыбэкIэ сытелъу сызэрыжейр щIилъагъуэ, ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) сыкъигъэушри, жиIащ: «НыбэкIэ утемылъ. НыбэкIэ телъхэр жьыхьэмэ Iыхьлыхэращ», - жиIэри.

Абы лъандэрэ илъэс миным щIигъужащи, щIэныгъэлIхэм иджыщ къыщахутэфар ныбэкIэ утелъ зэрымыхъунур.

ЩIышылэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	06.08	07.38	12.19	14.31	16.40	18.20
2, бэрэжьей	06.09	07.39	12.20	14.32	16.41	18.21
3, махуэку	06.09	07.39	12.20	14.33	16.42	18.21
4, мэрем	06.09	07.39	12.21	14.34	16.43	18.22
5, щэбэт	06.08	07.38	12.21	14.34	16.44	18.23
6, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.22	14.35	16.45	18.24
7, блыщхьэ	06.08	07.38	12.22	14.36	16.46	18.25
8, гъубж	06.08	07.38	12.22	14.37	16.47	18.26
9, бэрэжьей	06.08	07.38	12.23	14.38	16.48	18.27
10, махуэку	06.08	07.38	12.23	14.39	16.49	18.28
11, мэрем	06.07	07.37	12.24	14.40	16.50	18.30
12, щэбэт	06.07	07.37	12.24	14.41	16.51	18.31
13, тхьэмахуэ	06.07	07.37	12.24	14.42	16.52	18.32
14, блыщхьэ	06.06	07.36	12.25	14.43	16.53	18.33
15, гъубж	06.06	07.36	12.25	14.44	16.55	18.35
16, бэрэжьей	06.05	07.35	12.26	14.45	16.56	18.36
17, махуэку	06.05	07.35	12.26	14.46	16.57	18.37
18, мэрем	06.04	07.34	12.26	14.47	16.58	18.38
19, щэбэт	06.03	07.33	12.27	14.48	16.59	18.39
20, тхьэмахуэ	06.03	07.33	12.27	14.49	17.01	18.41
21, блыщхьэ	06.02	07.32	12.27	14.50	17.02	18.42
22, гъубж	06.01	07.31	12.28	14.52	17.03	18.43
23, бэрэжьей	06.01	07.31	12.28	14.53	17.05	18.45
24, махуэку	06.00	07.30	12.28	14.54	17.06	18.46
25, мэрем	05.59	07.29	12.28	14.55	17.07	18.47
26, щэбэт	05.58	07.28	12.29	14.56	17.09	18.49
27, тхьэмахуэ	05.57	07.27	12.29	14.57	17.10	18.50
28, блыщхьэ	05.56	07.26	12.29	14.58	17.11	18.51
29, гъубж	05.55	07.25	12.29	14.59	17.13	18.53
30, бэрэжьей	05.54	07.24	12.29	15.01	17.14	18.54
31, махуэку	05.53	07.23	12.29	15.02	17.15	18.55

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iэхъущ1апIэм къыдитащ.

● Щапхъэ

Бзылъхугъэ псэ къабзэ

ЦIыхуб3 гуапэ, зэпIэзэрыт Инхьам илъэс куэд щIауэ доцIыху, куэди хуэарэзыщи, и цIэ фIыкIэ къитIуэну ди гуапэщ.

ДЫГЪУЖЬ Инхьам Сириием къыщалъхуами, илъэс зыбжанэ ипэкIэ и унагъуэр игъусэу и адэжь хэкум къигъэзэжащ. Инхьами абы и щхьэгъусэ Шэукъи зэрысабийрэ адэжь хэкур я гум илъу и къэуджащ, ислъам диныр я гъуазэу мэпсэу. Я адэжьхэм я щIынальэм къызэрыкIуэжри дин пэжым зегъэубгъынэ толажьэ. Жэщ-махуэ имыIэу Шэукъи телэжьащ Алыхьым и арэзыщIныгъэм, апхуэдабзэу Инхьами и щхьэгъусэм къуэтащ, сыт хуэдэ гугъуехьри дигъэву. Дауи, ахэр нэхъапэхэм гугъуехь куэдым Iущащ, щыпсэун и лъэныкъуэкIи, щылэжьэн и лъэныкъуэкIи, нэгъуэщIхэмкIи. Апхуэдэу щытми, языхэзми ахэр къигъэдзыхакъым, атIэ, гугъуехь псори Iэщ1ыб ящIырэ диным хуэлэжьащ.

КъурIэным теуухуаи, хьэдисхэр зэпкърыхьным теухуауи сыт хуэдэ упщIэкIэ Инхьам зыхуэдмыгъэзами, зэи къэхъуакъым абы и жэуапым пIалъэ къыщыхигъэкIа. Диным нэхъ куууэ хэзыщIыкIыну хуей дэтхэнэ зыми еш имыщIэу къыддэлэжьащ, нобэр къыздэсми дыщыхуейм догъуэт. ЛIа зимыIэ зыри дунейм теткъыми, псом хуэмыдэу гуапэ тщохьу абыхэм псэ хъэлэлкIэ КъурIэн лъапIэм зэрыхуеджэр.

- КъурIэным седжэну си нэ къыхуикIыу, арщхьэкIэ си ныбжьыр зэрыхэкIуэтам ипкъ иткIэ, схуэзмыгъэщIэжьынкIэ сыщынэу щытащ. Дыгъужь Инхьам и цIэр къраIуэу зэхэсхырт икIи куэдым жаIэрт абы и деж динымкIэ щIэныгъэ щызэрагъэгъуэту. Сэри си насыпым кърихьэкIри, зэзгъэщIыхуащ а бзылъхугъэ псэ къабзэр. КъурIэнми сыхуригъэджащ. Ину фIыщIэ хузощI Инхьам, хьэрфу дигъэщIам хуэдиз псапэ къритыкыну Тхьэм жиIэ, си щхьэкIэ сыхуэзарэзыщ, - жиIауэ щытащ Тхьэнэмэт Нинэ.

Апхуэдэу цIыхур кIуэхуарэзыуэ псэуну, и унагъэмрэ гъащIэмрэ гу щихуэну Тхьэм жиIэ.

Хьэдисхэр

●Адэ-анэм я гуфIэгъуэр Алыхьым и гуфIэгъуэщ.

●Адрей цIыхухэм ефIэкIыу къызыщыхъужым (ар хугу хьэдэ хэдизкIэми) жэнэтыр иIагъэнукъым.

●Мустъымэным и Иманыр ирикъуркъым, езым хуэдэр и щхьэм иминыльытмэ.

●Къулейсызыр илъэс 500-кIэ нэхъ пасэу жэнэтым кIуэнущ, къулейм нэхърэ.

●Зи Иманыр нэхъ быдэ дыдэр фэ фщыщу зи щытыкIэр дахэрщ, фэ фщыщу нэхъыефIыр зи щхьэгъусэм фIыуэ хущытыращ.

●ЖьауанIэ зыри щыщымыIэну Къемэт махуэм жьауанIэм щIэтынухэщ фэ фщыщу:

- пэжым и телъхъэ унафэщIхэр;
- щIалэу Тхьэм хуэпщылIын щIэзыдзахэр;
- Алыхьым папщIэ фIыуэ зэрылъэгъуа цIыхуитIыр;
- хьэрэм иригъэщIэну цIыхубзыр къыщеджэм деж, абы зыдригъэхъэжу Алыхьым игъэхьэрэма Iуэхугъуэр зымылэжьа цIыхухъуэхэр;
- щэхуу псапэ зылэжьхэр, нэгъуэщIу жыIэмэ, Iэ ижьым илэжьа псапэр Iэ сэмэгум къезымыгъащIэхэр;
- Тхьэм хуэпщылIу зи нэпс къекIуахэр.

● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

ЦIыхуншэ хъуркъым

Iэбу Бакр и цIэр зезыхьэ мэжджытышхуэр 1995 гъэм Албанием дригъэщIыхьащ Сауд Хъэрпыпым щыщ шейхъ Замиль Абдуллахь Аль-Замили. Абы метр 24-рэ и лъагагъщ, аэзн джанIэу тIу хэтщи, абыхэм метр 41-рэ я лъагагъщ.

Мэжджыт кIуэцIым КъурIэным и Iэятхэр тетхащ, абы архитектор лъэщ куэд елэжьащ. Ар цIыхуншэ зэи хъуркъым, дин щIэныгъэ и абы щызрагъэгъуэт.

Си лъагъуныгъэр ещхыжщ си гум

Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуахэм къахэкIащ тхакIуэ, усакIуэ куэд. Абыхэм ящыщщ Къуныжь ХьэIишэт.

ИДЖЫРИ курыт еджапIэм щIэсу усэ тхын щIидзами, школ нэужьым ХьэIишэт апэщIыкIэ щIэтIысхащ Москва дэт Технологическэ училищэм. ИлъэситкIэ абы хъарзынэу щеджа пэтми, и гур зыщIэхъуэпсыр, пасэу и псэр зыхьэхуар усэ тхынрат. Арати, Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым 1969 гъэм щIэтIысхьащ. Абы ипэкIи иужькIи Къуныжьым и Iэдакъэщэкlэхэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм щIэх-щIэхыурэ кьытрадзащ.

1972 гъэм «Поэтессы Советского Союза» къыдэкIыгъуэм (Москва къалэ) Къуныжь ХьэIишэт и усэхэр къытехуащ. Абы и «Ямэ уэс» усэ тхьылъыр дунейм къытехьащ 1975 гъэм. А илъэс дыдэм и Iэдакъэщэкlэхэр «Истоки» (Москва) альманахым къытрадзащ.

Литератор Iэщlагъэр зыIэригъэхьа иужькIэ ар Москва и издательствэ зыбжанэм, радиокомитетым щылэжьащ. ИтIанэ Къабардей-Балъкъэрым къэкIуэжри, республикэ радиом и литературэ нэтынхэм я редакторыу щытащ. 1984 гъэм «Къур гъуэгу» тхьылъыр дунейм къытехьащ. А къыкIэлъыкIуащ «ГъащIэм и сурэт» (1991), «Горсть солнца» (1993), «Псэм и губгъуэ» (1998) тхьылъхэр. Балигъхэм я мызакъуэу ХьэIишэт и кьалэмыр сабийхэми зэрахуигъэбзэфыр щIэджыкIакIуэм я фIэщ ищIыфащ 1996 гъэм къыдигъэкIа «Хьэрхьуп» тхьылъ щIыкIмкIэ.

Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, «зыми емыщхь усакIуэщ» Къуныжь ХьэIишэт и гупсысакIэкIи, и усэкIэкIи, и дуней тетыкIэкIи. Гупсысэм и бгъэнщIагъ куухэр псалъэ зыкъзэрыгуэкIхэмкIэ щIэзыхьф зырызхэм ящыщщ ар.

70 гъэхэм я пэщIэдзэхэм лъэпкъ литературэм къыщыунэхуа усакIуэ бзыльхугъэм и щIэджыкIакIуэхэм я фIэщ ищIыфащ ар гупсысэ кьабзэ зиIэ тхакIуэу зэрыщытыр. Куныжьым насыпыфIэ еущI фIыр текIуэу щилъагъукIэ, гуапагъэ цIыхухэм яку дэлъу щызыхищIэкIэ, сабий дыгъэм и нэкIым кьрих гуфIэм, нэгъуэщI куэдми.

ХьэIишэт и Iэдакъэщэкlэхэм гупсысэ нэху, куу щыпхышащ. Абыхэм яхьболъагъуэ усакIуэ бзыльхугъэм акъыл жан, гудзакъэ зэриIэр. УсакIуэр и щIэджыкIакIуэм зэIухауэ иопсалъэ, абы зыри щифэщыцIыркъым. И кьалэмыр Хэкум, лъэпкъым, гуащIэрылажьхэзэм, цIыху пэжхэм, мурадыфIыр зи бащэхэм яхуэгъэпсащ. Куныжь ХьэIишэт ящыщщ лъэпкъ литературэм зи псалъэ щIэщыгъуэ хэзылъхьэфахэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КъУНЫЖЬ ХьэIишэт и усэхэр

Сымымазэ, сымыдыгъэ...

Псынэ къабзэм хуэдэу, гъащIэр,
КъибгъэхъуэхукIэ, из мыхъуж,
Жыг баринэу гъатхэм гъагъэу,
Бжьыхьэ къэскIэ зэ мыгъуж.

Зы щIалэгъуэщ цIыхум иIэр...
Илъэс къэскIэ уэсыр кьос,
ЩIымахуае щащыху щIыIэр
ИгъэткIуну дыгъэр кьопс.

Сымымазэ, сымыдыгъэ,
Уэс си лъэгум щIэкIутам,
КьыслъэIэмэ зэ ухыгъэр,
Сыхэтаи, сыхэмытаи...

Сымымазэ, сымыдыгъэ,
Сэ цIыху псом сырамылей.
И щIопщ гуащIэм лъагъуныгъэм,
Чыным хуэдэу, сегъэлъей...

***

МылIэжьын къуршхэр си гум кьихьэм,
Абы си гъащIэр пызолъыт -
Нэхущ бэмпIам и пшагъуэ Iыхьэщ,
Псы уэрым ихь зы пшахъуэ цIыкIущ.

Илъэс мин ипэ ункIыфIахэу
Вагъуэ лъэжьу тхуэблэ минхэм
Си гъащIэ тIэкIур са есльытым -
Сабийм хуагъаблэ хьэрэфинэщ.

Ауэ зы гъатхэм щыщIэдзауэ
Бжьыхьэм нэсыху псэу хьэндырабгъуэм
Си гъащIэ мащIэр еплъытамэ, -
СыщIыхущ, сыкъурршщ икIи сывагъуэщ.



Сабий сурэтхэр

1. Жэнэтбзу

ТхьилъымпIэщ уэсыр. Жэнэтбзу
Сурэту тызощIыхь селIалIэу,
Уэрэд къызжиIэу бзур мызу,
Ар цIыхум хуэдэу кьызопсалъэ:

Мы дней щымым сэ зэран
Уэрэд мыуухкIэ сыхуэхъунуи?
Кьыхьэнщи гъатхэм си зэман,
Тхьэм уигъэлъагъу сызэрыхъунур...

Си бжьыхьэ гъуэгур пшабэщ, кIыхьщ.
СолъаIуэ, кьысхуэвмыщI гукъанэ,
ЩIымахуэ щIыIэхэм фепщIыхь
Уэрэд бзэрабзэу кьыфхуэзгъанэм.

2. Уэс нанэ

Сыхэту жейм солъагъур пщIыхь:
Сыхэту уэсым кьызокIухь.
УэсыщIэр щкъыщкъыурэ мэщэIу,
Мыр жиIэу уэсыр кьызолъэIу:
- Сыщылъу щIым сыкъыуымыгъанэ,
НэгъуэщI пхуэмыщIэм, сыщI уэс нанэ.
Iэгу пщтыркIэ уэсыр зэхуэсхьэри,
Хэслъхьэну псэ яужь ситащ.
Пшэ хужьхэми псэ хужьу щесыр
Уэс хужьым хэлъу кьэслэIэщ.
Къудамэхэр щхьэщыгъуэ хуэвщIри,
СщIэрт и гур и фэу зэрыхужьри,
Мывэ фIыщIитIыр, нэ фIыщIитIу,
И набдзэ щIагъым щIэзгъэсащ...
КьыхсуамыщIынуи гукъанэ
Уэсыщ Iэ щкъыщкъыр сщIащ уэс нанэ,
Уэс нанэ сщIащ уэс хужь кьесар...
Уэс нанэр ткIуащ, псэ пщтыр хэслъхьари,
Уэ пщIэм, кьызжеIэ здынэсар.

***

Гупсысэ кIапэхэр соутхыпщI,
А сыутхыпщIар тхьилъымпIэм тохуэ.
Зигу укъэмыкIхэм сащымыщ -
УэркIэ гупсысэхэр кьыстокIуэ.
Къудамэ лантIэхэр мэщхъыщхъ,
ТкIуэпсхэр щыгъэхуу щIым кьытоткIуэ.
Зигу укъэмыкIхэм сащымыщ -
УэркIэ гупсысэхэр кьыстокIуэ.

Гуауэ кьысхуэкIуэми сыщымщ,
Зесльафэу си псэр жьжьэ сокIуэ.
Зигу укъэмыкIхэм сащымыщ -
УэркIэ гупсысэхэр кьыстокIуэ.

***

Гъатхэ ныбжьым сикIащ,
Бжьыхьэ ныбжьым сихьакъым.
ГъэмахуэкIэу мэлыд мы дунейр.
Си Iэжьэкъури ичащ.
Спшыныжа стелъа хьэкъыр?
СызэупщIыр уэ зырщ, Къэбардей.
УхъуэнщIауэ си лъэпкъ,
Хэт и деж ущыгъуащэр?
Упщ Iэджэ гурыщIэм къыпокIэ,
Iэджи икIыу уи бжэпкъ
Дэзл къудамэу хамэщIым щыхокIэ...
ГукъэкIыжкIэ гулэз
Уэ зэгуэр къыплъысамэ,
Хохъу гу пцIанэ, пфIокIуэдыр уи жейр,
Сэри уэсу согъэпс,
Си гупсысэ Iэрамэ,
ЗыхуэкIуэнур сымыщIэу дунейр.

***

Уи закъуэ дыдэу уэ укъанэм,
АнэдэлъхубзэкIэ уджэнщ:
- Дэнэ ущыIэ уэ, си къаныр,
Узмыгъуэтыжу сочэнджэщ.

Жьы къыкъуэуар кърипщIэу здэкIуэр,
КIэртIофуэздыгъэ бзийр мэсыс,
Сыт си фэм дэхуэми зэзгъэкIуу,
Езгъэщхьу фащэм сыплымыс.

Си закъуэ дыдэу сыкъэнэхукIи,
Сэ закъуэныгъэр кьэзмыщIэн,
Зы вагъуэ уэгум кьыщыблэхукIи
И нурыр уагъэу зэIусщэнщ.

Хэзухуэнэнщ си закъуэныгъэр,
Уэ пхэлъ пэжагъри кьэсщIэжьынщ -
Зы лъагъуэ хуэкIуэуи кIыфIыгъэм
Зыгуэр темыхьэу екьжьжынщ.



Зы илъэс

Лъагъуныгъэр хуэдэщ гъатхэм
Жылэ жейхэр кьыщыуышым,
Лъагъуныгъэм ущигъатхэм
Уи псэр лыду мэхъур кьуршу.

Лъагъуныгъэр ещхьщ гъэмахуэм
Уэгум вагъуэ кьыщылидым,
Мазэ нурми сыт и махуэр,
Гум и мафIэм ар еплъытым.

Лъагъуныгъэм иIэщ бжьыхьэ,
Кьыдэушу жьы зыгъахэр,
Уи Iэгу нэщIу уи Iэгу пIыщIэр
Гъунэгъу хуэпщIу уи Iу бахъэм.

***

Си лъагъуныгъэр езгъэпщэнут
Уэгу вагъуэм хуэдэ мыIэрысэм,
Арщхьакlэ бжьыхьэм жьы кьепщэнум
Ихьынущ игъуэ нимыгъэзу.

Си лъагъуныгъэр езгъэпщэнут
Ди жьэгум хуэаскIэ кьыдэлъэтым
ЩIымахуэр кьэсу, жьым кьимыхьу
Щытам уэс щIыIэр, бзийр ипхъуатэу.

Си лъагъуныгъэр ещхьу сфIощIыр
ПщэдджыжьыIым уафэм кьихьэ дыгъэм,
Ауэ итIани си гур хощIыр -
Дунейм имыхь сыт щыгъуи бзыгъэу...

НэгъуэщI ар зэщхъ темыт мы щIыгум -
Си лъагъуныгъэр ещхьжщ си гум.

***

Къру дамэм уэс хужь кьесыр
Iэджэм ирагъапщэ
И ныбжь щIыIэм сэри сесыр,
Сигури хегъащIэ.
Ещхьми тхъугъэр къру дамэм,
Iулъэтын мыпIащIэ.
Данэ пIащIэу, жьым зэрехьэ,
Ди псэр егъэпIащIэ.

Гъащ Iэм сеплъым къру дамэр
Си щхьэм кьрешэкIыр.
Уэсри кьосыр - жеIэ мамэ,
Инэм сыщыщIэкIым.

Сопл ъ. Езым и гъащIэ гъуэгум
Гъатхэ куэди хэткъым,
Къру дахэу тхъугъэ хужьыр
Бжьыхьэ къэс IулъэткIым.

ЩIыхуэ

Сэ зы цIыхуми стелъыжкъым и щIыхуэ,
Си псэм щIыхуэу телъар итыжащ.
Мо щкъыщкъыжу жьыщIа уафэ щIыхум
И зы нэз нэхущ пшэплъ щIигъэжащ.

Сэ стелъыжкъым и щIыхуэ зы цIыхум,
Гу Iэфlагъэкlэ пшэплъыр иIащ.
Мы си гущIэр мэушэ щэху дыдэу -
Гупсэхугъуэ хъуэпсапIэхэр хъуащ.

Сэ зы цIыхум и щIыхуэ стелъыжкъым.
Стелъу ябжрэ - нэхъыби стыжьнщ.
Ауэ сыт иджы гъащIэ къыслъысым
Къыщысфlэщlыр нэхъ псынщIэу хэщIын?..

Ныджэм тет жыг

Ныджэм тет жыгым
И лъабжьэр ятIагъуэм кьыхощ.
Жьыбгъэр кьепсыхьм
Кьудамэхэр уэсым кьытощ.
Ныджэм тет жыгым
Си гъащIэри сэ изогъэщхь.
КьеIэмэ жьыбгъэр -
Хьэщыбанэм абы зрегъэщI.
Джэду акъужьри
Бгы кьыгуэуам кьыщыщIэпщам
Быдэу жьыг лъабжьэр
ЯтIагъуэ бдзантхъэм хипщащ.
Вагъуэ щхьэщытмэ,
Жьыбгъэм ар хуэщIыркъым чэф,
Ныджэм тет жыгыр
Уафэм тетхами къоджэф.

Гъатхэ ежьу

КIыгуугур жыгым кьепсыхамэ,
Унагъуэр хуохъуэ хэгъэщIэн.
Сэ си уэрэдыр уэ пхуэстхамэ,
И гъуэгу сыт хъуну, хэт кьищIэн?

Сыхьэтым хуэдэу гъащIэр ибжу,
КIыгуугур пщIантIэм кьыщыдджэнщ,
Гъатхэ гуфIэгъуэр гъащIэм и бжэу,
Ежьуи си макъыр сухуиджэнщ.

Си гъащIэм телъым бгылъэм и пшэр,
Сэ си уэрэдым кьыхэщынщ,
Илъэсхэуи кIыгуугум схуибжьым
СедаIуэу дауэ сыщысын?

Псэр пхъэщхьэмыщхьэкIэ щыгугъыу
Жыг кьыхихамэ, кьыпыкIэнщ.
Схэлъ хьэлэлагъри, хадэ жыгыу,
Уэ пхэлъ гуапагъэм ныпэджэнщ.

***

Си гуауэр, си гуапэр - си тхыгъэр
Хуэмурэ зы тхылъ ирокъу.
Закъуэныгъэр гъащIэм и тыгъэ?
Сэ акъылкIэ абы соныкъуэкъу.

Бжьыхьэ жэпщ си щхьэцыр, Iэр теслъхьэмэ,
ГумкIэ ткIыбжьщи - кьытызохьж.
Си ныбжьэгъуэгъэр жагъуэгъу хъуа, хьэмэрэ
Хъуа я Iэфlыр зэхэзмыхыж?

Iэ дызолъэ уэс щIыIэ гукъинэм,
Гугъэу сиIэр сыту пщтыра?..
Гугъэу щIыIэм сэри сыкъьинэм,
Ар зи игъэр уэ зыр ара?

ХэщIыныгъэ зымыгъуэта щыIэжкъым

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкI щIымахуэ чемпионатым ипкъ иткIэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта зи чэзу джэгуГуэм «ХьэтIохъуащыкъуейм» и закъуэ пашэныгъэр фIигъэкIуэдащ. Иджы бжьыпэр командищым зэдгъэгъуэ.

ПЭЩIЭДЗЭ джэгуГуэщым псоми щатекIуэу зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIубыда «ХьэтIохъущыкъуейр» иджыри кьэс зи гъуэм топ зыми кьыдимыгъэкIыфа «Мурбек»-м гугъу зэрыригъэхьыныр куэдым хуагъэфащэрт. Апхуэдэуи кьэхъуащ - зэIущIэр зэрытемыгъэкIауэ иухащ. Абы лъэныкъуитIми хэщIыныгъэ хъариащ: хьэтIохъущыкъуейдзэхэм я закъуэ пашэныгъэр афIэкIуэздащ, «Мурбек»-м и гъуэри къыхагъэщIащ (уеблэмэ тIэунейрэ).

Топ дагъэкIахэмрэ зэрызэхуащытым и фIыгъэкIэ апэ увыпIэм аргуэру къыщыхутащ Бахъсэн и «Автозапчасть»-р. Гугъу дехьыпами, абы «Малка»-р хигъэщIащ.

Пашищым языхэз хъущ Къэрэгъэш и «Велес»-р. Ауэ ари тыншу «Кэнжэм» пэлъэщащэ пхужьIэнукъым.

Иджыри кьэс зи хьэрхуэрэгъуэм зы топи яхудзэмыгъэкIыфа «КъБКъМУ»-м и «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщIэхэм я деж щIригъэкъужащ. Ащ и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ университетым и студентхэм апэ текIуэныгъэр зэхьэзэхуэм щызIэрагъэхьащ.

Щэбэт кIуам насыпыр къыхуэдэкIуащ Сэрмакъ и «Союз»-ми. Шэджэм и «Альянс»-м efIэкIри, текIуэныгъэм и Iэфlагъыр абыи апэу зыхищIащ.

Гъуащьауэ лъэщхэр зиIэ «Малка»-м и хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэр иджыри кьэс зэи къызэрыхуэмыщтар хьэлэмэтщ. Аращ къыкIэрыхуэхэм къащIыхэхутар. Хэт ищIэн, мыгувэу Iуэхум фы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжьынкIи хъунщ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2018 - 2019 гъэхэм и щIымахуэ чемпионатым щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щызэхэта зи чэзу джэгуГуэм кърикIуа бжьыгъэхэм: «**Союз**» (Сэрмакъ) - «**Альянс**» (Шэджэм) - ХэщIыныгъэ зымыгъуэта щыIэжкъым, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **1**:**2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **0**:**1**, «КъБКъУ» (Налшык) - «**Керт**» (Къэхъун) - **2**:**0**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**ГорИС-179 РусГидро**» (Бабугент) - **1**:**2**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**ХьэтIохъущыкъуейр**» (ХьэтIохъущыкIыкъуей) - **2**:**2**, «**Спартак-д**» (Налшык) - «**Бабугент**» (Бабугент) - **2**:**0**, «**КъБКъМУ**» (Налшык) - «Спартак-Налшык-н» (Налшык) - **3**:**0**.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2018/2019 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	4	3	1	0	13-1	10
2.	«ХьэтIохъущыкъуей»	4	3	1	0	11-4	10
3.	«Велес»	4	3	1	0	7-3	10
4.	«Спартак-Налшык-д»	4	2	2	0	8-4	8
5.	«ГорИС-179 РусГидро»	4	2	2	0	7-4	8
6.	«Мурбек»	4	2	2	0	9-2	7
7.	«КъБКъУ»	4	2	1	1	7-5	7
8.	«Кэнжэ»	4	1	2	1	3-3	5
9.	«Бабугент»	4	1	1	2	4-6	4
10.	«Керт»	4	1	1	2	3-6	4
11.	«КъБКъМУ»	4	1	1	2	3-7	4
12.	«Союз»	4	1	1	2	5-5	4
13.	«Шагъдий»	4	1	0	3	6-11	3
14.	«Малка»	4	0	1	3	0-6	1
15.	«Альянс»	4	0	1	3	2-11	1
16.	«Спартак-Налшык-н»	4	0	0	4	4-14	0

● Налшык

ИлъэсыщIэм зыхуагъэхьэзыр

Налшык щекIуэкIыну ИлъэсыщIэ дауэдапщэхэр 60 гъэхэм щыIа щапхъэхэм тету къыззрагъэпэщ.

АПХУЭДЭ унафэ къищтащ Налшык къалэ администрацэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым. Комитетым иригъэкIуэкIа ямэ зэхуэсым зэрыщыжаIамкIэ, нэгузыжьэ Iэхуэхэр ипэ ита илъэсхэм ефIэкIыу къызэрагъэпэщыным йогугъу, блэкIа зэманым гуапагъэрэ хуабагъэу хэлъа псори къызыхэщ «ретро» мардэр ди нэхьщIэхэми нэхъыжьхэми гунэс зэрыщащIыным йолажь. Нэгузыжьэ зэхьыхьэхэмрэ пшыхьхэмрэ ящыщ куэдыр кьалэм и утыку нэхъыщхьэхэм щызэфIахыу гъэкIэ къокIуэкIри, псей гъэщIэрэщIа дахащэхэр кьихутащ Зэгурыгъэныгъэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухъэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утыкум, Абхъазым и цIэр зезыхьэ утыкум.

60 гъэхэм щыIа гуащхэр, сурэтхэр, пшынэкум хуэдэу зэкIуэцIах псэущхьэ цIыкIуэхэр - псори зэман блэкIахэм я фэеплъщ, дэрэжьгъуэ кьозыт защIащ. Мыпхуэдэ псей дахэ кьыладэсхэм кьыздыпплъэ Къэбэрдей уэрамми. Утыкуэхэм я хъуреягъыр уэздыгъэ щхьэхъуреишхуэхэмкIэ кьагъэнэхуащ. Уэрам нэхъыщхьэхэм тет жыгхэм я щхьэжIэхэм пшапэр зэхэуэ нэужь «дыжьын уэшхыр» кьожьбзэх. ПащIэм, Лермонтовым, Горькым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм тет кIей лъагэхэм я щхьэжIэхэри уэздыгъэхэмкIэ кьагъэнэхуащ. Илъэс блэкIам псей щапIэу Налшык 9 щыIамэ, мы гъэм абыхэм кьахэхъуа мыхъумэ, зыри яхэщIакъым. Жыгхэм яхэтынущ Ярославль, Воронеж нэс кьрашахэри. Псом ящхьэращи, дэтхэнэ зыми а цIыпIэхэм кьащыпоплъэ езыхэр зыхуей псеим хуэдэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ДыгъуакIуэм зиумысыжащ

2018 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм зыхуигъэзащ такси фирмэхэм ящыщ зым шоферу щылажьэ, Прохладнэ къалэм щыщ цIыхухъум. Ар полицейхэм ельэIуащ и машинэм икIуэдыкIа, сом мини 10 и уасэ и жыпIэ телефоныр къигуэтыжьынымкIэ къыздэIэпыкъуну.

КЪЭПЪЫХЪУЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым полицэм и участковэ уполномоченнэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. А махуэм фирмэм и Iуэхугъэхэзэ къззыгъэсэбэпа, илъэс 37-рэ зи ныбжь прохладнэдзэу къыщIэкIащ ар.

ЦIыхухъум зиумысыжащ. Уголовнэ Iуэху къэIэтыным яужь итщ.

Автомашинэр ирахужьат

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм дыгъэгъазэм и 5-м зыхуигъэзащ Старэ Шэрэдж кьуажэм щыпсэу цIыхухъум. Абы зэрыжиIамкIэ, жэщым абы фIадыгъуат Чернышевскэм и стадионым тет унэхэм я зым деж щигъэувэ, сом мин 50 и уасэ ВАЗ-21074 и автомашинэр.

УПРАВЛЕНЭМ уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и лъжьакIуэхэм зыхуащIхэр яубыдащ. Ахэр нэхъапэми суд зытращIыхьа, Iуащхьэмахуэ районым щыпсэу, илъэс 21-рэ, 23-рэ хъу цIыхухъуэхэрщ. ЩIалэхэм ялэжьамкIэ заумысыжащ. ЗэрыжаIащи, республикэм и щIыхьэрым дэс я цIыхугъэхэм я деж хьэщIанIэ къэкIуаеу, автомашинэм щIыбгэкIым, ар къагъэсэбэпыну гупыж ящIащ.

Автомашинэр къэзытрахыжащ. Уголовнэ Iуэху къэIэтыну яужь итщ.

Афиянхэкlэхэр къытрах

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикым кIэлъыплъыныжьмкIэ и управленэм и лжьэкIуэхэм дыгъэгъазэм и 3-м къэлъыхъуэныгъэ Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыу Налшык къалэм Неделинэмрэ Кадыровымрэ я уэрамхэм я пIанэпэм деж щаубыдащ нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 37-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр.

АР къыщащым къыкъуахащ кхъуэщыныфэ пкъыгъуэ зыкIуэцIылъ зэкIуэцIышыхьа. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, ар «гашиш» афиянхэкIт, ищэн папщIэ езым игъэхъэзырауэ. Экспертизэм къызэригъэлъэгуамкIэ, ар грамм 0,53-рэ хъурт. Наркополицейхэм апхуэдэу къыщIагъэщащ абы афиянхэкI «гашиш» грамм 0,56, 0,57-рэ ищауэ.

Илъэс 51-рэ зи ныбжь налшыкдэсым и фэтэрыр наркополицейхэм а махуэ дыдэм кьыщащым къытрахащ фольгэм кIуэцIышыхьа пкъыгъуэ бдзэ 46-рэ. Экспертхэм къызэрелъытамкIэ, ар грамм 31,96-рэ хъу «гашиш» наркотикхэкIщ. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, ар игъэхъэзырат езым зрихьэлIэну.

Уголовнэ Iэхуэхэр кьалэтащ.

Тыкуэным щыфIадыгъуащ

2018 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм зыхуэзыгъэзащ, щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым жиIащ Тэрчокъуэм и уэрамым тет тыкуэнхэм я зым щIэту дыгъэгъазэм и 2-м и сумкэм сом мин 15 зэрыдэкIуэдыкIар.

УЧАСТКОВЭХЭМ къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым шэч зыхуащI дыгъуакIуэр яубыдащ. Ар илъэс 37-рэ зи ныбжь къалэдэс цIыхубзэ. Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ. Уголовнэ Iуэху къэIэтыным яужь итщ.

Сом мин 50 и уасэ

Урысей МВД-м Шэрэдж районым щиIэ къудамэм зыхуигъэзащ Жэмтхъэлэ къуажэм щыпсэу, илъэс 65-рэ зи ныбжь цIыхухъум. Абы зэрыжиIамкIэ, и лъапсэм хуэзэ бжьыхьбгъум деж къыщина и тракторым и пхъэIэщэр, сом мин 50 и уасэр, ядыгъуат.

ШэЧ зыхуащI дыгъуакIуэр яубыдащ хабзэхъумэхэм. Ар илъэс 29-рэ зи ныбжь, лей зытехьам и кьуажэгъуэ. ЩIалэм зиумысыжащ икIи жиIащ пхъэIэщэр гъущIэкIэкIэр щыIахьм сом 7800-рэ къыпэкIуэу зэрыритар.

Уголовнэ Iуэху къэIэтыным яужь итщ.

ЗыгъэхъэзырарэрЭ **УАРДЭ Жантинщ.**

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, НэщIэпыджэ Замирэ, ЩхьэпцэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl эхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалъэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэтезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эхэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эхэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэзыгъащ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Индексыр 51531●Тираж 2.119●Заказ №1258

12+